بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

اَلسَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللّٰهِ وَبَرَكَاتُهُ

كَبِيْرًا وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ كَثِيْرًا وَسُبْحَانَ اللّٰهِ بُكْرَةً وَّاَصِيْلًا۝ اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِيْ اَمَرَنَا اَنْ xاَللّٰهُ اَكْبَرُ ٩
نُّقِيْمَ الْاِجْتِمَاعَ وَالْاِتِّحَادَ۝ وَنَهَانَا عَنِ التَّفَرُّقِ وَالتَّبَاغُضِ وَالْاِبْتِعَادِ۝ اَشْهَدُ اَنْ لَّاۤاِلٰهَ اِلَّااللّٰهُ وَحْدَهُ
لَاشَرِيْكَ لَهُ۝ وَاَشْهَدُ اَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ۝ وَاُصَلِّى وَاُسَلِّمُ عَلٰى حَبِيْبِنَا وَشَفِيْعِنَا
مُحَمَّدِنِالَّذِى اَرْشَدَنَا اِلٰى سَبِيْلِ الرَّشَادِ ۝ وَعَلٰى اٰلِهٖ وَاَصْحَابِهِ الْمُطِيْعِيْنَ وَالْمُعْتَمِدِيْنَ
بِشَرِيْعَةِ نَبِيِّنَا حَقَّ الْاِعْتِمَادِ ۝ اَمَّا بَعْدُ. فَيَآاَيُّهَاالنَّاسُ اُوْصِيْكُمْ وَاِيَّايَ بِتَقْوَى اللّٰهِ وَطَاعَتِهٖ حَقَّ
تَقْوَاهُ۝ اَعُوْذُ بِاللّٰهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ۝ بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝ قَالَ عِيْسَى ابْنُ مَرْيَمَ
اللّٰهُمَّ رَبَّنَا اَنْزِلْ عَلَيْنَا مَآئِدَةً مِّنَ السَّمَآءِ تَكُوْنُ لَنَا عِيْدًا لِّاَوَّلِنَا وَاٰخِرِنَا وَاٰيَةً مِّنْكَ وَارْزُقْنَا وَاَنْتَ
خَيْرُ الرَّازِقِيْنَ۝

وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ xاَللّٰهُ اَكْبَرُ ٣.......

Para hadirin kaum muslimin sareng muslimat sadaya!

Saparantos urang sadaya ngalakonan puasa sasasih Romadhon ieu, nya dina dinteun ieu , saat ieu dugi waktosna urang sadaya ngalakonan sholat idul fitri. Dinteun ieu teh dintenan anu pinuh ku kabungahan, anu susah usahakeun supados bungaheun, margi dinteun ieu pinuh ku ni’mat barokah sareng rohmat Alloh.

Dina lebet sasasih Romadhon urang sadaya saban dinteun ngaraos lapar, hanaang, sanes kumargi henteu aya tuangeun atawa leueuteun, namung istuning ku lantaran nyumpunan kataqwaan kana parentah Alloh SWT.

Ku ayana ibadah saum, kaum muslimin ngalakonan latihan mental, latihan nahan napsu amarah anu jahat, anu ngaruksak, anu sok nyilakakeun, sareng latihan ngantunkeun sadaya tingkah laku anu amatak ngaruksak pergaulan sasama jalma. Oge puasa teh ngarupikeun usaha jeung ngaronjatkeun katakwaan ku rupi-rupi ibadah sareng tafakkur ka Alloh Dzat Anu Maha Agung. ٣ اَللّٰهُ اَكْبَرُx.......

Ringkesna mah, sadaya amalan anu dilakonan ku urang sadaya dina salami sasasih romadhon teh ngarupikeun wasilah pikeun kaum muslimin dina raraga ngaronjatkeun darajatna kana darajat insan *muttaqin tur muhsinin*. Sakumaha pidawuh Alloh

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا كُتِبَ عَلَيْكُمُ الصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُوْ نَ

“Hey jalma-jalma anu ariman! Tos diwajibkeun ka aranjeun saum saperti diwajibkeun saum ka jalma-jalma samemeh aranjeun, supaya aranjeun jadi jalma-jalma anu taraqwa.” (Al Baqoroh ayat 183)

Para hadirin sadaya!

Jalma anu taqwa teh nyaeta jalma anu tiasa ngaraksa dirina tina sagala dosa, sagala kamaksiatan, ngaraksa diri tina *fahsya walmunkar.* Jalma anu taqwa nyaeta jalma anu tiasa ngalaksanakeun sadaya piwarangan Alloh sareng ngantunkeun sagala cegahana-Na, sahingga kahirupan jalma anu taqwa mah katingal ebreh nyorot cahaya islam tur mapaesan sakur tingkah laku sareng ucapanana.

Jadi tetela pisan dina diri jalma anu taqwa mah nyimpen moral anu hebat, sikep disiplin anu pengkuh sarta ngagaduhan kasadaran anu merenah dina hatena. ٣ اَللّٰهُ اَكْبَرُx وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ.......

Para hadirin sadaya!

Salah sawios hikmah puasa anu aya tumalina sareng pangwangunan nasional, diharepkeun, sareng diandeulkeun pisan yen sakur muslimin Indonesia salaku kaum agama anu mayoritas, anu berkualitas, sanes mung sakadar dina widang fisik namung utamina dina widang spiritual/rohaniah, minangka soko sadaya tingkah polah urang.

Memang dina dangeut ieu urang sadaya ngantos-ngantos jolna jalma-jalma pangwangunan anu sanggup jadi tukang mikirkeun, ngarancang sareng ngalaksanakeun dina sagala widang pangwangunan.

Para hadirin sadaya!

Ari jalma-jalma anu dimaksud kasebat teh, nyaeta:

1. Anu leres-leres imanna sarta taqwa ka Alloh
2. Anu ngagaduhan niat sareng tekad anu ikhlash beramal
3. Anu sae akhlakna, tegesna anu ber-akhlakul karimah
4. Anu ngagaduhan elmu anu luhung sarta sumanget anu hurung ngagedur.
5. Anu sehat jasmani sareng rohanina.

Kumargi kitu sajalan sareng pola pangwangunan anu aya dina GBHN, taya sanes pikeun ngadangdosan nasib bangsa urang, pikeun ngawangun sareng ngawujudkeun kahirupan anu sampurna lahir sareng batin.

Para hadirin sadaya!

Ku ayana urang sadaya wangsul deui kana kasucian jiwa, urang sadaya ngagaduhan harepan kana tiasa dikiatan anu lir waja ku iman sareng taqwa ka Alloh SWT sarta ngabiasakeun disiplin anu leket dina ngalaksanakeun sagala tugas sareng memang faktor anu kitu anu didameul modal dasar pangwangunan urang sadaya.

٣ اَللّٰهُ اَكْبَرُ x وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ.......

Para hadirin sadaya!

Ku rengsena urang sadaya ngalakonan puasa sasasih campleng, dicirian ku diwajibkeunana ngaluarkeun zakat fitrah, sakumaha riwayat Ibnu Abbas R.A

فَرَضَ رَسُولُ اللّٰهِ صَلَّى اللّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ زَكَاةَ الْفِطْرِ طُهْرَةً لِلصَّائِمِ مِنَ اللَّغْوِ وَالرَّفَثِ وَطُعْمَةً لِلْمَسَاكِيْنِ فَمَنْ أَدَّاهَا قَبْلَ الصَّلَاةِ فَهِيَ زَكَاةٌ مَقْبُوْلَةٌ وَمَنْ أَدَّاهَا بَعْدَ الصَّلَاةِ فَهِيَ صَدَقَةٌ مِنَ الصَّدَقَاتِ. (رواه أبو داود وابن ماجه)

"Rosululloh parantos ngawajibkeun ngaluarkeun zakat fitrah pikeun ngaberesihkeun jalma anu puasa (tina rupa-rupa palanggaran) jeung janteun tuangeun jalma-jalma anu mariskin. Sing saha jalma anu mayar zakat fitrah samemeh sholat id, tah eta kaasup kana zakat anu ditarima jeung sing saha jalma anu mayar zakat fitrah saparantos sholat id, tah eta ka asup kana sodaqoh anu biasa." (HR. Abu Daud sareng ibnu Majah)

Sareng dawuhannana :

صَوْمُ شَهْرِ رَمَضَانَ مُعَلَّقٌ بَيْنَ السَّمَآءِ وَالْأَرْضِ وَلَايُرْفَعُ اِلَّا بِزَكَاةِ الْفِطْرِ

"Saum bulan romadhon teh digantungkeun antara langit jeung bumi sarta moal diangkat kajabi kumayar zakat fitrah."

Tina dua hadis ieu urang sadaya tiasa narik kasimpulan, yen zakat fitrah teh diwajibkeun anu misti dilaksanakeun ku sakur jalma anu puasa sareng jadi lantaran kana ditarimana puasa, ngaberesihkeun tina kokotor atawa dosa anu matak ngaruksak kana ganjaranana.

Sajabi ti eta zakat fitrah tiasa nutup atawa nyocokan kana kasusahan, sementawis masyarakat anu mariskin tiasa nambah kana raketna ukhuwah Islamiyah, rasa ngahiji, sabobot sapihanean diantara sasama jalma muslim. Ngalaksanakeun zakat fitrah ngahasilkeun mangpirang-pirang kauntungan, di antarana :

1. Ditarima ibadah puasana
2. Diberesihkeun jiwana tina sifat medit, kumeud anu dibenduan ku Alloh
3. Disalameutkeun tina siksa naraka
4. Dipikaresep ku masyarakat umum

٣ اَللّٰهُ اَكْبَرُ x وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ.......

Para hadirin sadya!

Di sagigireun kalonggaran anu pinuh ku rohmat Alloh, pikeun umat islam disyareatkeun deui malah parantos jadi tradisi pikeun ngayakeun silih hampura antara sasama muslim, naha sacara langsung pajongok atawa parantaraan surat.

Akibat tina rohmat Alloh sareng kasucian jiwa tea, ayana silih ma'afkeun teh jorojoyna tina hate anu surti, ikhlas. Tah peta kitu teh ngarupikeun syarat pikeun ditarimana tobat ku Alloh SWT.

Kumargi kitu tradisi anu parantos dibiasakeun ku kaum muslimin ngayakeun silaturahmi ka sepuh-sepuh, saderek-saderek, sobat-sobat, ka tatanggi sareng sajabana perlu dipiara, margi peta kitu teh sapagodos sareng pidawuh Alloh :

فَاعْفُ عَنْهُمْ وَاصْفَحْ اِنَّ اللّٰهَ يُحِبُّ الْمُحْسِنِيْنَ (المآئدة : ١٣)

"Maafkeun aranjeunana sareng antep, saestuna Alloh mika Asih ka sakur jalma anu migawe kahadean."

Para hadirin sadaya!

Urang sadaya sadar, yen moal aya saurang oge anu henteu kungsi migawe dosa ka Alloh sareng ka sasama makhlukna, naha dosa akibat tingkah laku atawa ucapan. Silaturahmi ngarupikeun usaha geusan ngaraketkeun hubungan, ngarupikeun amal soleh anu mulya mungguh Alloh.

Pidawuh Nabi Muhammad SAW :

مَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ فَلْيَصِلْ رَحِمَهُ (متفق عليه)

"Saha alma anu sampurna iman ka Alloh sareng kana poe akhir maka kudu silaturahmi."

Para hadirin sadaya!

Akhirna, manga urang ramekeun ka agungan poe idul fitri teh ku aguruhkeun aosan takbir, tahmid, tasbih sareng sajabana sareng tebihkeun tina pagawean ma'siat, sapertos judi, inuman matak mabok sareng sajabana ti eta.

بَارَكَ اللهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيْمِ, وَنَفَعَنِيْ وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيْهِ مِنَ الآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيْمِ, وَتَقَبَّلَ مِنِّيْ وَمِنْكُمْ تِلاَوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ. وَقُلْ رَّبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَاَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِيْنَ.

KHUTBAH KA DUA IDUL FITRI

اَللّٰهُ اَكْبَرُ ٧x كَبِيْرًا وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ كَثِيْرًا وَسُبْحَانَ اللّٰهِ بُكْرَةً وَّاَصِيْلًا اَحْمَدُهُ وَاَشْكُرُهُ عَلٰى مَآ اَوْلَنَا بِهِ مِنْ جَزِيْلِ الْفَضْلِ وَالْإِنْعَامِ اَشْهَدُ اَنْ لَّآاِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ وَحْدَهُ لَاشَرِيْكَ لَهُ وَاَشْهَدُ اَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ شَهَادَةً تُنْجِيْنَا مِنَ النَّارِ وَتُدْخِلُنَا مِنْ زُمْرَةِ الْمُتَّقِيْنَ وَالْمُحْسِنِيْنَ فِى الْجَنَّةِ وَلَهُمْ فِيْهَا رَحْمَتُهُ وَرِضْوَانُهُ وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلٰى سَيِّدِنَا وَمَوْلَانَا مُحَمَّدٍ حَبِيْبِهِ فِى الدُّنْيَا وَالْاٰخِرَةِ وَعَلٰى اٰلِهِ وَاَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُ اِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ

اَمَّا بَعْدُ. فَيَآاَيُّهَا الْحَاضِرُوْنَ رَحِمَكُمُ اللّٰهُ اِتَّقُوْا اللّٰهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَاتَمُوْتُنَّ اِلَّا عَلٰى مِلَّةٍ وَقَالَ اللّٰهُ تَعَالٰى : إِنَّ اللّٰهَ وَمَلَآئِكَتَهُ يُصَلُّوْنَ عَلَى النَّبِيِّ يَآ أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلٰى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلٰى اٰلِهِ وَصَحْبِهِ اَجْمَعِيْنَ. اٰمِيْن يَارَبَّ الْعَالَمِيْنَ. اَللّٰهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُسْلِمَاتِ اَلْأَحْيَآءِ مِنْهُمْ وَالْاَمْوَاتِ. اَللّٰهُمَّ تَقَبَّلْ مِنَّا صِيَامَنَا وَقِيَامَنَا وَرُكُوْعَنَا وَسُجُوْدَنَا وَاجْعَلْنَا مِنَ الْفَائِزِيْنَ وَاجْعَلْ

بَلْدَتَنَا هٰذِهِ بَلْدَةَ اِنْدَوْنَيْسِيَا اٰمِنَةً مُّطْمَئِنَّةً رَّخِيَّةً وَسَآئِرَ بِلَادِ الْمُسْلِمِيْنَ. رَبَّنَا آتِنَا فِى الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِى الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

عِبَادَ اللّٰهِ. اِنَّ اللّٰهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْاِحْسَانِ وَاِيْتَا ئِ ذِى الْقُرْبٰى وَيَنْهٰى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ فَاذْكُرُوْا اللّٰهَ الْعَظِيْمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوْهُ عَلٰى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَاسْأَلُوْهُ مِنْ فَضْلِهِ يُعْطِكُمْ وَلَذِكْرُ اللّٰهِ اَكْبَرُ اَسْتَغْفِرُ اللّٰهَ لِيْ وَلَكُمْ